



MY ADVICE

Love has no formula... yes...but truth is don't trust your online boyfriend/girlfriend to the extend of forgetting your healthy and life. Mukasangana pamasai sai, dzidzanai, zivanai before you make a decision to sleep or go out at night together. Nemiwo varume please musaroore munhu ane nhumbu yake ndoda vanhu vakangwara

All stories are created by me and no characters ever existed. Its just a way of connecting social life with what is happening in our societies thereby entertaining the general public.

ZVINO NDOTANGIRA PAPI

Five years ago ndakadanana nemukomana aigara kuSouth Africa ainzi Timothy. Rudo rwehu rwaiva rwepaSocial media sezvo aisavapo. Tainge tasangana paFacebook. Ndakatarisa profile yake ndikaona kuti munhu aitovawo netunhu twake.

Takaita 2 years tichidanana achingoti ndouya. Akazongofona one day zvikanzi ndavapaBorder l'm on my way. Ndakafara chokuti pano. Ndaigara nehanzvadzi yangu nemukadzi wake, saka ndakabva ndavaudza kuti aizosvika kumba achivaona.

Tim sekumudana kwandaiita akasvika muHarare, akaita 2 days asina kundiona kwakuzonditsvaka apa ndaive ndashungurudzika kuti why? Akabva andiudza kuti kumbira kumba kwenyu timboenda kumafuramhepo.

My brother allowed me kuti ndiende, muroora wangu akatondizevezera kuti tete be careful musabvuma kurara naye. Ndakapinda mutown akabva anditora tikaenda kuLodge kuHatfield, akanditi ndokwaticharara today. We talked for about an hour ndichibvunzisa kuti arikufungei about us. Tichitaura kudaro aifonerwa but aingokata achiti vanhu vekumba vanonetsa.

Semunhu aida munhu wake ndakangonyarara. Around 9 husiku akandinyengerera tikaara tese. The whole night aiphonerwa kusvika azodzima phone. We enjoyed the night though.

Morning time akati ndiite phone yake on, ichingobaka chete phone yakarira ndikaona number saved as Wifey. Ndakarohwa nehana. I confronted him until azotaura. He said haaa love yepabook remeso ndeyekungotsvaka stonyeni shaaa. Delete my number ndakuenda. Just like that he went.

Apa mal akabva atanga, ndozvitaure sei kumba, what if I get pregnant ndodii? I arrived home and my brother was mad at me. He almost beat me but muroora apologized on my behalf coz aindifarira. I went straight to my room and started crying.

For about 2 weeks ndaisafamba famba, ndaingoti ndikabva kubasa ndozvivharira door kusvika ndarara. Muroora asked me but ndakamunyepera. This went on until one day kubasa my boss bought chicken inn and upon smelling that good scent ndakabva ndarutsa.

I rushed to the bath and cleaned myself. I looked to the mirror and the other mind was saying you are pregnant but the other yaiti not you, you are fine. I decided to buy pregnancy test kit and it came out positive. I was pregnant.

I felt like killing myself. I told Tim about this on messenger akabva atondiblocka. I decided to take poison. I planned to go kusango kutuminda sooo. As I was going I met Tafara. This guy akandinetsa for more than 3 years ndichimuramba.

He realized im not okay, so akatondibata ruoko zvikanzi whats wrong please tell me. What has happened, chii chirikunetsa please tell me Im willing to help you. In his mind also I think akatonetsekawo kuti why ndakabvuma kubatwa ruoko naye coz ndaimusungira play.

Akandinyengerera until he took me home akandisiya kumuroora wangu. Akatomuudza varikuKitchen kuti please taurai naNyasha, tete venyu ndovada zvisingaiti. He came after work to check on me the following day ndopakauya kuroom kwangu. I told him my story thinking achabva ati aaah handizvigone.

To my surprise akabva atondibata maoko zvikanzi im sorry nezvakitika kwauri but im willing kukutora sezvauri. Nhumbu iyi wakutongoti ndeyangu if someone ask you. Aaaaaaaaaaaaaaah ndakazviramba ndikati hazviite. Kwakutondichemrera zvikanzi for you I will do anything. Nechemumoyo ndikati zvekusvika pakuchengeta nhumbu isiri yako here?

Aindida mukomana uyu. Takaita 4 months then akauya nemari about \$2500 akandipa zvikanzi chitizira kumba kwedu nhasi manheru. With this money we will buy preparation nezvimwe totsvaka pekugara.


This was a big joke of the day, a dream I would say, ndakazvibata bata just to check kuti ndini here. Ndakasara ndakagara and akabva atoudza muroora wangu kuti im ready ngaachiuya nenhumbu yangu, ndakumuda kumba.

Kukuudzai chokwadi hama dzinodiwa hapana pandaivew ndamborara nemukomana uyu asi madiro aaindiita stress yese yakapera. Akandifonera kuma 8pm zvikanzi chiuya. I went there ndisina kana hembe or bag.

Ndichisvika her mum vakafarisa imi. Vakapururudza. This guy was honest to his mother so the mother knew everyhthing. She promised to be always there for me. Handidi kunyepa amai vaindida zvisingaiti.

At first my man had suggested that we go and lodge somewhere but vakaramba and she even said if you privacy ndobvisa munhu kuCottage and she did just like that.

Mwana akasvika pakuzvarwa and everyone was saying akafanana natete meaning hanvadzi yemurume wangu. Only me and my husband knew the secret.



The baby was so much loved zvekuti he had everything, imagine every month they celebrated kuti its now 5, 6, 7 months. All the stress had gone. Mwana ava ne18 months, my hubby akati ndakuda mwana. We tried zvikaramba. For a year zvichiramba.

On facebook I posted pics of mwana and my husband. Then the real father wekuSouth uya commented with another account zvikanzi musadade nevana vedu. This did not go well with my tete. She asked what was going on and we brushed it off.

The South African based real father came to my inbox and said he is coming end of month kumwana wake and wants me as second wife because ndakazvara mukomana.

Hamawe ndiri mudambudziko izvozvi kuti mwedzi zvowopera ndoitasei. Murume wangu arikuda mwana, but mimba yaramba kubata. Baba vemwana varikuda mwana wavo and vakutouya. Ndodini. Hamaweeeeeee. Ndachema.

the end